*Ассаламу гIалайкум!*

gazetavpered@list.ru

# ЦЕРЕХУН

ХЬАРГАБИ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА «ВПЕРЕД»

№21 (60541) * 2020 с. * 22 июнь * 1 зул-къагIада * 1441 с. * итни *

*21 июнь - медициналъул хIалтIухъанасул къо*

## Тохтурлъиялъул тIадегIанлъи

**Дунялалда гIемерал руго батIи – батIиял хъулухъал, амма бищунго къваригIараб ккола тохтурлъи, кирго ва кидаго жал хIажатал. Медицинаялъул хIалтIухъанасул къо жиб – жиб соналъ кIодо гьабула июнь моцIалъул лъабабилеб гьатIан къоялъ. Гьаб соналъ гьеб ккола 2I июнь. Байрамалъул аслияб магIна ккола халкъалъе пайдаялъе гIумру тIамулел гIадамазе хIурмат ва баркала загьир гьаби.**



Хьаргаби районалъул сахлъицIуниялъул гIуцIиязда хIалтIулел руго киналниги 80 врач ва 201 гьоркьохъеб медперсонал. Гьезда гьоркьор руго Дагъистан республикаялъул мустахIикъал хIалтIухъаби абун цIар щварал 7 врач ва 2 медсестра, 5 врач ва 1 медсестра Дагъистан республикаялъул сахлъицIуниялъул отличник, 3 врач ва 2 медсестра мустахIикълъана сахлъицIуниялъул министерствоялъул грамотабазе.

ГIумру байбихьаралдаса лъугIизегIан чиясе къваригIараб букIуна медицинаялъулаб кумек. ГIадамазул сахлъи цIуни, хIатта гIумруцин бараб буго гьалатI ккечIого медиказ хъулухъ тIубаялда.

Тохтурлъиялде рокьи бижизе гIиллаби батIи – батIиял руго. ХьахIаб халгIат ретIарал медикал берцин рихьи, яги унтарал сах гьаризе, гьезул гIумру хвасар гьабизе бугеб мурад. Амма лъикIав тохтур вахъине ккани, гьесулъ букIине ккола кIудияб жавабчилъи, таваккал, рахIму – хIелму ва сабру. Унго – унгояв тохтурасулъ киданиги букIине рес гьечIо хъачIлъи, согIлъи ва чидар балагьалде гурхIел гьечIолъи.

ГIадамазе кумекалъе тохтур ине ккола, чанги, жиндирго гьабизе ракIалда бугеб тун, жиндирго сахлъиялъе зарал ккунгутIиялде ракIчIей гьечIони.

Тохтурлъи ккола макъу тарал сардал, свак ва щаклъи, амма унтаразул гIумру хвасар гьабизе бажарани киналго захIмалъаби кIочен. Ва тIадеги абуни тохтур вукIине ккола лъикIав психолог, унтарасдехун нух батулев, гьесул сахлъиялде божи базабулев, къвакIун, щаклъи гьечIого ва гIодовиччан унтаравгун кIалъазе бажарулев.

Хасго киналго гьел рахъал цере росизе ккана гьал ахирал моцIаз нилъер медицинаялъул хIалтIухъабаз.

Мекъи ккеларо тохтурзаби бахIарчияб хъулухъалъул ругилан абуни. Хьаргаби ЦРБялъул хIалтIи рагъулал шартIазда тIубалелда релъун букIана ахираб заманалъ.

Бихьулареб тушманалде данде рахъана киналниги районалъулго медикал, жидерго специализациялъухъ балагьичIого.

ЦРБялъул хирургиялъулаб отделение тIубанго сверана реанимациялде хутIарал киналго отделениязги тIаде босана инфекционнияб отделениялъулго гIадаб хIалтIи.

Цадахъ поликлиникаялъул хIалтIухъабазе тIалабал цIикIкIана. Гьезда тIаде ккана рокъо – рокъор унтаразе хехаб кумек гьаби ва врачазул назначениял тIуразари. БукIана киналниги, кумек гьабизе бажарулезде ахIи базе ккараб заманги. Медицинаялъулаб лъай кьолел заведениябазул чIахIиял курсазда студентал ва хIатта уколал гьаризе, врачазул хъвай – хъвагIаял тIуразе лъалел ва бажарулелщиналгицин кумекалъе ахIулеб заман.

РакIалде ккола гьеб заманалда цIакъго лъикI бичIчIун батилин киназдаго жидеца бищараб махщел кинаб захIматаб бугебни ва гьабун батилин хIисаб бажариладаян гьеб нухдасан ине.

Нусгоялдаса цIикIкIун унтарал цадахъго больницаялда отделениязда сах гьарулеб бугеб заман нилъер медиказе кибго гIадин букIана унго – унгояб хIалбихьиялъун. Сордо – къо цIехечIого, бохдузда эхетадго, заман гьечIолъиялъ квен квинчIого, жидерго рокъосел рихьичIого больницаялдаго къояи тIамизе ккараб заман. Гьелде тIадеги жалго цIунизе гьечIел сурсатал. Хасал очкабазда гъоркь, бадибе чвахулеб гIетIалъ унтаразда укол гьабизе бидурихь бихьизе рес гьечIолъиялъ, жидерго сахлъи цIуниялда хIинкъигун, тIаса рахъизе ккколел гьелгун.

Амма бищунго захIматаблъун букIун батила унтаразул, гIашикъго, кумек гьарун балагьарал берал рихьизе ва гьелде тIадеги щиб гьабуниги гIумру хвасар гьабизе кIвачIолъиялъул малъкъосин. Хвасар гьавизе кIвачIев чиясул гIагарлъиялде бадир ралагьи.

Бугодай цойги гьединаб захIматаб профессия. Щивав унтаравгун цадахъ жидерго рекIел ва сахлъиялъул бутIа толеб. Чан тохтурас течIеб жиндирго хъулухъ, бахараб температурагун ва лъикIаб гуреб чорхол хIалгун. Чан медик цIидасан унтарасда цере эхетарал сахлъичIеб черхгун, гьечIеб рухIгун, медикал гIоларолъиялда бан.

Къо тIаде ккедал, лъана медиказул къимат, амма гьезул хIалтIи кидаго борхатго борцинчIо хIукуматалъ.

Амма киналниги шапакъатаздаса кIудияблъун батилин ккола сахлъун разиго унел гIадамазул гьарият ва хинал рагIаби.

Профессионалияб байрам къоялъ гуребги, тIолабго гIумруялъго гьаризе бокьилаан хIурматиял тохтурзаби ва киналниги сахлъи цIуниялъул хъулухъазда ругелщинал, кIудияб талихI нужее!!!, дагьал унтарал, гIемерал гIарцал. ХIалтIулъ ва гIумруялда захIмалъаби рихьугеги.

ХутIаги нуж Гиппократил гьаялъе хилиплъулареллъун ва тIаса бищараб профессиялдаса разияллъун.

Х. ШАМСУДИНОВА

## Махщалил байрамгун!

**Жиб – жиб соналъул июнь моцIалъул лъабабилеб гьатIан къо ккола медицинаялъул хIалтIухъанасул махщалилаб байрамалъул къолъун.**




ХIурматиял районалъул сахлъи цIуниялъул хIалтIухъаби!

РакI – ракIалъ баркула нужеда махщалилаб байрам - медицинаялъул хIалтIухъанасул къо. Нилъер районалъул гIадамаз кидаго адаб – хIурмат гьабула нужер къиматаб ва къадруяб захIматалъул. Нужеца нужерго тIолабго бажариги, лъайги, махщелги кьолеб буго инсанасул бищун хирияб хазина – сахлъи цIуниялъе.

Хасго гьеб загьирлъана нилъер халъалде ракIалда гьечIого гьаб балагьаб унти бачIиндал, нужеца нужерго тIадаб борч тIубана тIадегIанаб даражаялда ва кIудияб жавабчилъиялда.

Хадубккунги ракI чIола нужерго профессионалияб борчги тIубазабун нужеца районалъул гIадамазул сахлъи цIуниялде жеги цIикIкIараб кIвар кьезе букIиналда.

Гьарула нужер щивасе щулияб сахлъи, талихIаб, аваданаб гIумру, гьабулебщиналъулъ битIккей ва хIалтIулъ цебетIей.

**Р. МАЛАЧИЛОВ**
**районалъул бетIер.**

## Конституциялда хиса – басиял гьариялъул рищиял



**Гьал ахирал моцIаз халкъалда телевизораздасанги, газетал – журналаздаги, социалиял гьиназдаги тIоцебесеб иргаялда бицунеб харбал коронавирусалъги гьелъ унтаразулги букIун батани, гьездаса хадуб Россиялъул Конституциялда хиса – басиял гьаризелъун гьаризе ругел рищиязул бицунеб гIемерал рагIулеб ва бихьулеб буго. ХIукуматалъ гьелде цIакъ кIудияб кIварги кьолеб буго.**

ТIолго Россиялдаго коронавирусалъул унти тIибитIиялда бан рищиязул къо ахирал къоязде щвезегIан чIезабун букIинчIо.

Гьеб къо чIезабун буго 1 июль 2020 соналъул, амма гьеб рищиязул къолъун бихьизабуниги жиде – жидер участкабаздеги рачIун гьаркьал кьезе ихтияр буго 25 июналдасан байбихьун радал сагIат микьгоялдаса къаси сагIат микьгоялде щвезегIан. 1 июль ккола ахирисеб къо рищиязул.

Рищиязда хурхун районалдаги гьабулеб буго букIине кколеб хIадурлъи. Районалда гIуцIун руго 21 рищиязул комиссияби, бачIун буго къваригIараб кинабго сурсатал санитариял тIалабазда рекъон рищиял тIоритIизе. РачIа киналго рищиязда гIахьаллъи гьабизе.

СОБРАНИЕ ДЕПУТАТОВ МР
«ГЕРГЕБИЛЬСКИЙ РАЙОН»

Республика Дагестан, Гергебильский район, с.Гергебиль

*9.06.2020 г.* РЕШЕНИЕ *№ 01-35/17*

## О СНИЖЕНИИ НАЛОГОВОЙ СТАВКИ ЕДИНОГО НАЛОГА НА ВМЕНЕННЫЙ ДОХОД С 15 ПРОЦЕНТОВ ДО 7.5 ПРОЦЕНТОВ НА 2020 ГОД В МР «ГЕРГЕБИЛЬСКИЙ РАЙОН»

В соответствии с п. 2 ст. 346.31 Налогового кодекса Российской Федерации, Планом мероприятий по обеспечению устойчивого развития экономики и социальной стабильности в Республике Дагестан (01-14-05-0399/20 и в целях реализации пункта 5 Указа Главы Республики Дагестан № 24 от 11.03.2020г. № 24 «О первоочередных мерах поддержки субъектов малого и среднего предпринимательства (МСП), оказавшихся в зоне риска в связи с угрозой распространения новой коронавирусной инфекции в Республике Дагестан, Собрание депутатов МР «Гергебильский район»,

РЕШАЕТ:

1.Снизить налоговую ставку единого налога на вмененный доход для всех налогоплательщиков и видов предпринимательской деятельности, в отношении которых может применяться единый налог на вмененный доход, с 15 процентов до 7.5 процентов на 2020 год

2.Установить временную отсрочку 3 месяца на уплату арендных платежей субъектами МПС – арендаторами муниципального имущества, пострадавшими в результате ухудшения ситуации в связи с распространением новой коронавирусной инфекции.

3.Нстаоящее Решение вступает в силу со дня его официального опубликования и распространяется на правоотношения, возникшие с 1 января 2020 г.

**Глава МР**
**«Гергебильский район»**
**М.Р.МАЛАЧИЛОВ**

**Председатель**
**Собрания депутатов**
**МР «Гергебильский район»**
**М.М.ТАГИРОВ**

# Дезинфекция гъабуна

**I5 июналдасан байбихьун районалда гӀумруялде бахъинабизе байбихьана коронавирус тӀибитӀичӀого букӀиналде данде гьарулел гӀорхъичӀваял чучлъизариялде гьабулеб тӀоцебесеб этап. Гьеб этапалда нилъеца цӀунизе ккола маскаби, кверда-хелал холеб къагӀида, гӀадамазда гьоркьоб санитарияб нормабазда рекъон букӀине кколеб манзил, дезинфекция гьаби.**





Сууратазда: Дезинфекция гьабулеб

Ирградулаб социалияб рахъалъ кӀвар цӀикӀкӀарал объектазул дезинфекция гьаби тӀобитӀана I5 июналда районалъул централда. Гьеб тӀобитӀана цӀа свинабулезул кумекалдалъун. Аслияб кӀвар буссинабун букӀана гӀемерал гӀадамал ракӀарулеб бакӀалде. Гьединаздасан ккола больница, поликлиника, районалъул учреждениялгун – организациял, банкоматалда аскӀоб бакӀ, росулъе жанире рачӀунеб бакӀалда волонтерал ругеб пост. Санитарияб нормабазда рекъон, кӀудияб техникаялъул кумекалдалъун къокъабго заманалда жаниб кинабго бакӀалда дезинфекция гьабун лъугӀана.

---

*26 июнь – Международный день борьбы с наркоманией*

# ЦӀУНЕ НАРКОМАНИЯЛДАСА !

**ТӀолабго дунялалдаго тӀибитӀун ун бугеб балагь ккола наркомания. Наркотиказде цоцоял ругьунлъулел руго балугълъиялде рахиналдего, хадуб армиялде хъулухъ гьабизе индал, гӀемерисел туснахъалъур. Зарал гьечӀеб жойилан ракӀалде ккун гьадинго кеп-гӀоркьалъеги, гьабизе жо тӀагӀарас заман инабиялъеги, жеги гьелъул тӀагӀам ва зарал лъаларез хӀал бихьизелъунги хӀалтӀизарулел руго гӀолохъабаз гьел.**

Жакъа, ругел видеофильмазда нилъеда гьел хӀалтӀизари модаялда бугеб жолъунцин бихьизабулеб буго. Гьедин модаялдаса нахъе ккунгутӀизе, гьелдаса мисал босун, байбихьи лъолеб буго гӀолохъабаз жидерго гӀумру хвезабизе. Наркотиказде жив ругьунлъарав чиясда (гьелда абула наркотическая зависимость» - ян) хадуб гьеб тезе кӀоларо, тӀадчӀун тохтурзабаз дару гьабун гурони. Гьелде живго наркоманги хӀадурун вукӀине ккола, щай абуни, наркотиказде ругьунлъи ккола унти, хӀатта психикияб унтиялде гӀунтӀунги. Наркотик хӀалтӀизе гьабун тӀоцебесеб заманалъ лъикӀаб го кеп-гӀоркь черхалъе бугилан кканиги, хадуб черхалъе лъугьуна квешал хиса-басиял: загӀиплъи, бетӀер унти, бидул тӀадецуй бахин ва гьединго гьеб гӀодобе ккей, лугбал унти, гьарула гьегӀдезе - лагӀдезе. РухӀияб рахъалъ босани, гьезул лъугьуна кидагосеб хӀинкъи тӀад бигьараб гӀадаб вихха-хочи, сундасаго хьул къотӀи, гӀумруялъул низам биххи. Гьеб ккола наркотиказда гьоркьор рукӀунел заралиял, загьруял (токсические) веществаби чорхолъе жураялъул хӀасил.




ГьечӀо гьез черхалъе зарал ахиралдаги гьабуларел гӀадамал, пуланаб заманалдасан лъугьуна гьел хӀалтӀизаричӀого чӀезе кӀолареб, жиндир рукӀа-рахъин гьезда бараб, гьезул кверщаликье ккараб ахӀвал-хӀал. Наркотикал

учузго росизе щолареллъидал тӀамула гьел кидаго кодор рукӀунел къагӀидаялда, цогидал такъсирал гьаризе. Киназдаго гуро жидерго дозаби лъалел, гьеб цӀикӀкӀун ккарал наркоманал хвезеги хола.

ГӀемерисел наркоманал унтулел руго СПИД гӀадал, венерическиял унтабазги. Цониги эбел-инсуе бокьулеб гьечӀо жидер лъимер наркотиказда варав чи вугин абураб жоялъе мукӀурлъизе ва гьелда щаклъи кканиги, бихьичӀеб ххвел гьабун, щибго гьабичӀого толеб буго гӀемерисез. Гьелъул хӀасил ккола-унтаразе кумек гьабизе жеги рес бугеб заман гӀадада гьоркьоб биччай. Наркоманиялда данде къеркьезе кканани, лъазе ккола гьелъ кин ва щиб бакӀалда къалбал риччалелали. ТӀоцебесеб, социалияб бутӀаялдаго (стадиялда) бихьизабизе рес буго, кинаб гӀумруялъул ахӀвал - хӀалалда байбихьулеб наркотиказдаса пайда босизеяли. Гьединал ахӀвал-хӀалаздасан ккола: рокъор хъизамалда гьоркьор гьекъолдухъаби яги наркоманал рукӀин, эбел-эмен кидаго дагӀба-къецалда рукӀин, яцвац гьечӀого хутӀиялъул хӀасилалда лъимер пашманлъиялда хутӀи, гӀемер гӀарац лъимадухъ букӀин, гьединго, гӀел бащадал гурел ва цойгидал рахъаз кин росаниги гьудуллъи гьабизе данде кколарел, цӀиял гьудулзаби ракьи, рокъор ругездасаги тӀурун чӀей, жиндир рокъосезда, гӀагаразда цебе букӀараб гӀадин ургъел бикьунгутӀи, чвантида жанир лъаларел хурдузул хутӀелал ва шприцал рати ва гь.ц.

Дагъистаналда гӀадатлъун бильлъараб жо буго рокъор ккол ел лъугьа-бахъинал цойгидаздаса рахчи. Гьединлъидал, эбел-эмен лъимал суричӀого рукӀинеян, гьезие гьабизе кколеб дару гьабичӀого, гьорлъе ракун гӀиллаби лъазаричӀого, руцӀцӀун чӀолел руго.

Лъан хадуб наркоманасде семи, ахӀдей гӀададисеб иш буго. ЛъикӀаб букӀина, дур гӀумру лъикӀаб рахъалде сверун гьечӀилан, жегиги битӀараб нухде вачӀине кватӀун гьечӀилан гӀодореги риччан гьез гьесда бичӀчӀизабуни, гьев кантӀизавуни. Наркоманасда цебе хъачӀал рагӀаби абун, гьев ва гьесул гьудулзаби хӀакъир гьаризе бегьуларо. Гьес гьабулебщиналъе циндаго инкарги гьабуге, гьес гьабулелда нуж кидаго разилъизе гьечӀолъи бичӀчӀизе гьабе дагьдагьккун.

Къазе ккола гьесие наркотикал росизе киналго нухалги. Наркоманал руго кумек къваригӀарал чагӀи, нужехъа жидеего кумек щвезе букӀинги, гьезул гӀумру лъикӀ букӀин мурад букӀинги бичӀчӀизабизе ккола гьезда. Тохтурзабаздаги лъачӀого, жидецаго дару гьабизе лъугьин ккола гӀадада заман инаби. Наркомания буго психикияб унти, гьелде данде рагъ гьабизеги ккола тӀолабго общество-хъизам, гӀелму, сверухъ ругел гӀадамал ва гь.ц. рекъон.

**Б. АХIМАДОВ**



## СПИСОК КАНДИДАТОВ В ПРИСЯЖНЫЕ ЗАСЕДАТЕЛИ ВЕРХОВНОГО СУДА НА 2020Г. ПО МУНИЦИПАЛЬНОМУ РАЙОНУ "ГЕРГЕБИЛЬСКИЙ РАЙОН"

| № | Фамилия | Имя | Отчество | Пол | Дата рождения | Индекс | Нас.пункт | улица | № дома |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Магомедов | Магомед | Магомедзагирович | муж | 26.08.1977 | 368250 | Гергебиль | Имама Шамиля | 6 |
| 2 | Махмудова | Патимат | Далгатовна | жен | 21.11.1971 | 368250 | Гергебиль | Кавказская | 5 |
| 3 | Магомедов | Марат | Мусалмагомедович | муж | 24.04.1998 | 368250 | Гергебиль | Махмуда | 6 |
| 4 | Магомедова | Патимат | Магомедшапиевна | жен | 07.09.1975 | 368250 | Гергебиль | Мусалава | 6 |
| 5 | Идрисов | Гаджимурад | Магомедович | муж | 02.01.1982 | 368250 | Гергебиль | Наиба Идриса | 63 |
| 6 | Мусаева | Зулейха | Магомедовна | жен | 03.11.1966 | 368250 | Гергебиль | Ломоносова | 1 |
| 7 | Магомедов | Али | Абдулсаматович | муж | 05.12.1972 | 368250 | Гергебиль | Суворова | 1 |
| 8 | Шарабудинов | Гаджимурад | Магомедович | муж | 16.03.1962 | 368250 | Гергебиль | Перегонная | 45 |
| 9 | Гусейнова | Луиза | Имангазалиевна | жен | 06.04.1975 | 368250 | Гергебиль | Акад. Королева | 14 |
| 10 | Гаджиев | Шамиль | Магомедович | муж | 10.01.1982 | 368250 | Гергебиль | Казбекова | 5 |
| 11 | Меджидова | Патина | Магомедовна | жен | 12.11.1968 | 368250 | Гергебиль | Наиба Идриса | 15 |
| 12 | Саадулаев | Мусалмагомед | Магомедович | муж | 14.08.1968 | 368252 | Кудутль | - | - |
| 13 | Магомедов | Амирали | Нурмагомедович | муж | 05.05.1966 | 368252 | Кудутль | - | - |
| 14 | Магомедова | Салихат | Шейхмагомедовна | жен | 05.12.1972 | 368252 | Кудутль | - | - |
| 15 | Омарова | Патимат | Абдулаевна | жен | 01.03.1976 | 368252 | Кудутль | - | - |
| 16 | Мусаева | Мусалмагомед | Магомедович | муж | 04.11.1970 | 368252 | Кудутль | - | |
| 17 | Ахмедов | Ахмед | Магомедзагидович | муж | 27.04.1974 | 398253 | Курми | Ярагского | 4 |
| 18 | Гитинов | Магомедрасул | Гитинкалаевич | муж | 22.02.1987 | 398253 | Курми | Ярагского | 2 |
| 19 | Насрулаев | Али | Магомедович | муж | 19.03.1987 | 398253 | Курми | Имама Шамиля | 10 |
| 20 | Магомедов | Осман | Алиевич | муж | 06.06.1987 | 398253 | Курми | Гаджиева | 11 |
| 21 | Юсупов | Магомед | Камалудинович | муж | 08.04.1987 | 398253 | Курми | Им.Газимагомеда | 8 |
| 22 | Магомедов | Сагло | Ахмедович | муж | 12.12.1971 | 368256 | Могох | Ленина | 3 |
| 23 | Магомедов | Камиль | Магомедалиевич | муж | 24.12.1985 | 368256 | Могох | Калинина | 2 |
| 24 | Идрисов | Ислам | Идрисович | муж | 10.11.1988 | 368256 | Могох | Учительская | 1 |
| 25 | Омарова | Гусейн | Магомедович | муж | 24.05.1989 | 368256 | Могох | Гамидова | 2 |
| 26 | Алиева | Майсарат | Алиевна | жен | 06.10.1987 | 368256 | Могох | Ярагского | 6 |
| 27 | Сурхаев | Баркатав | Сулейманович | муж | 17.10.1970 | 368254 | Маали | пятая | 6 |
| 28 | Айвазова | Патимат | Айвазовна | жен | 08.09.1960 | 368254 | Маали | седьмая | 11 |
| 29 | Сурхаева | Нусайбат | Магомедовна | жен | 15.04.1974 | 368254 | Маали | тридцатая | 29 |
| 30 | Ибрагимов | Алибег | Магомедович | муж | 14.12.1960 | 368254 | Маали | восьмая | 13 |
| 31 | Омаров | Гаджимагома | Алиевич | муж | 17.04.1963 | 368254 | Маали | третья | 23 |
| 32 | Алиев | Махач | Гаджиевич | муж | 20.08.1969 | 368254 | Маали | вторая | 16 |
| 33 | Омарилов | Шамиль | Магомедович | муж | 01.06.1978 | 368258 | Хвартикуни | десятая | 6 |
| 34 | Мирзабеков | Магомед | Ахмедович | муж | 25.11.1973 | 368258 | Хвартикуни | двенадцатая | 7 |
| 35 | Магомедов | Сиражудин | Магомедагаевич | муж | 20.11.1978 | 368258 | Хвартикуни | шестая | 10 |
| 36 | Магомедов | Камиль | Назирович | муж | 21.08.1991 | 368258 | Хвартикуни | первая | 4 |
| 37 | Магомедов | Алигалбац | Рашидович | муж | 09.07.1975 | 368255 | Мурада | седьмая | 33 |
| 38 | Алмасханов | Алмасхан | Алиевич | муж | 01.11.1966 | 368255 | Мурада | восьмая | 15 |
| 39 | Джахбаров | Шамиль | Магомедовия | муж | 10.01.1986 | 368255 | Мурада | первая | 13 |
| 40 | Омаров | Магомед | Магомедович | муж | 28.12.1984 | 368255 | Мурада | пятая | 13 |
| 41 | Абдурашидова | Айшат | Абдурашидовна | жен | 08.08.1990 | 368241 | Кикуни | Кикунинская | 22 |
| 42 | Шарипова | Айшат | Абакаровна | жен | 21.07.1975 | 368241 | Кикуни | Кикунинская | 156 |
| 43 | Исакова | Патимат | Алиевна | жен | 01.06.1972 | 368241 | Кикуни | Кикунинская | 102 |
| 44 | Нуманова | Патина | Гаджиевна | жен | 04.09.1975 | 368241 | Кикуни | Кикунинская | 35 |
| 45 | Ойсунгурова | Зульфия | Магомедовна | жен | 07.07.1990 | 368241 | Кикуни | Кикунинская | 24 |
| 46 | Амаев | Магомед | Рамазанович | муж | 04.03.1968 | 368241 | Кикуни | Кикунинская | 230 |
| | | | | | | | | | |
| | | | | | | | | | |

**Глава**
**МР " Гергебильский район"** **Р.Малачилов**

## Запасной список в присяжные заседатели Верховного суда РД на 2020 год по Муниципальному району "Гергебильский район"

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Азизов | Юнус | Магомедович | муж | 25.02.1970 | 368250 | Гергебиль | Сталина | 3 |
| 2 | Магомедова | Патимат | Магомедовна | жен | 08.02.1968 | 368250 | Гергебиль | Мусалава | 1 |
| 3 | Шахбанов | Багавудин | Магомедович | муж | 18.07.1970 | 368250 | Гергебиль | Хизроева | 12 |
| 4 | Магомедова | Мадина | Багавудиновна | жен | 26.09.1968 | 368250 | Гергебиль | Бегилова | 11 |
| 5 | Омарова | Айханат | Магомедовна | жен | 01.05.1973 | 368252 | Кудутль | - | - |
| 6 | Абасов | Гамзат | Магомедович | муж | 10.01.1959 | 368254 | Маали | третья | 14 |
| 7 | Гунашева | Патимат | Масхудовна | жен | 02.11.1980 | 368256 | Могох | Пушкина | 3 |
| 8 | Айвазова | Патимат | Айвазовна | жен | 08.09.1960 | 368254 | Маали | седьмая | 11 |
| 9 | Басиров | Магомед | Басирович | муж | 10.02.1959 | 368254 | Маали | седьмая | 33 |
| 10 | Зайнудинов | Магомеднур | Шейхулисламович | муж | 10.08.1976 | 368258 | Хвартикуни | первая | 3 |
| 11 | Сагитов | Сайгидмагомед | Сагитович | муж | 01.06.1988 | 368258 | Хвартикуни | третья | 2 |
| 12 | Раджабов | Магомед | Раджабович | муж | 07.01.1985 | 368255 | Мурада | шестая | 3 |
| 13 | Мусахмаев | Шамиль | Магомедович | муж | 17.06.1974 | 368255 | Дарада | первая | 12 |
| 14 | Абдулхамидов | Марьям | Магомедовна | жен | 04.12.1979 | 368241 | Кикуни | Кикунинская | 137 |
| 15 | Микаилова | Анзират | Алиасхабовна | жен | 13.12.1984 | 368241 | Кикуни | Кикунинская | 85 |
| 16 | Нуманова | Патина | Гаджиевна | жен | 04.09.1975 | 368241 | Кикуни | Кикунинская | 35 |

**Глава**
**МР " Гергебильский район"** **Р.Малачилов**

*тарихал ва хIужаби*

# БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪУЛ ПАРАД



1945 соналъул 24 июналда Москваялъул Красная площадалда т1обит1ана К1удияб Ват1анияб рагъ лъуг1иялда хурхун машгьураблъун лъугьараб Бергьенлъиялъул Парад. Гьениб г1ахьаллъи гьабуна 24 маршалас, 249 генералас, 2536 офицерас ва 31116 мухъилал солдатаз ва сержантаз. Гьединго парадалде рач1аразда бихьизабуна 1850 рагъулаб техникаги.

***

Бергьенлъиялъул парад къабул гьабуна маршал Г. Жуковас. Парад т1обит1изе цо анкь хут1араб мехалъ Сталиница ах1ана жидихъего маршал Жуков ва ц1ехана чода т1ад рек1ине к1очон тунцин гьеч1ищилан. Гьес жаваб кьуна гьеч1илан ва щибаб эркенаб заман бугеб мехалда ях1 бахъулин чода рек1инеян.

Дуца къабул гьабизе ккола Бергьенлъиялъул Парад, - ян абуна Сталиница - парадалъе нухмалъи гьабизе буго Рокоссовскияс.

***

Киназдаго бихьана Мавзолеялда цебе фашистазул байрахъал рехулел. Гьениб бихьизабулеб буго 200 байрахъ рехизе рач1унел солдатазда т1ад квердахелал рук1инги. Гьеб ккола г1иц1гоял квераз гьел кодор росизе нилъер солдатазул рак1 къалеб бук1ин. Гьел рехана хасаб гьабураб помосталде, Красная площадалда хъвач1ого бук1ине. Т1оцебе гьенибе рехана хасаб Гитлерил штандарт, ахиралда – Власовасул армиялъул байрахъ. Гьебго къоялъ къасе Мавзолеялде цебе гьабун бук1араб хасаб площадка ва солдатазда т1ад хун рук1арал квердахелал рух1ана.

***

Парадалда г1ахьаллъи гьабулел т1аса рищулел рук1ана бихьизабураб бах1арчилъиялъе г1оло гуребги, лага борхалъи 170 см гъоркье гьеч1ел, физически щулиял, гьумер берцинал. Т1аса рищаразда лъалеб бук1инч1о щибаб къоялъ 10 – 10 саг1аталъ мухъда рилъине ругьун гьаризе рук1ин, лъабго минутгин бащадалъ Красная площадалдасан парадалда г1ахьаллъи гьабизе г1оло.

***

Киназдаго гуро лъалеб 1945 соналда гьединал парадалункъго рук1араллъи. Т1оцебесеб ва бищунго ц1ар раг1араб Москваялъул Красная Площадалда 1945 соналъул 24 июналда. К1иабилеб 1945 соналъул 4 маялда Берлиналъул Бранденбургалъул кавабазда, парад къабул гьабуна Берлиналъул комендант генерал Н. Берзариница.

Бергьенлъиялъул Парад союзниказул рагъулал къуваталгун т1обит1ана Берлиналда 1945 соналъул 7 сентябралдаги. Москваялда т1обит1араб Бергьенлъиялъул Парадалдаса хадуб гьеб т1обит1ана Жуковасул жигаралдалъун.

1945 соналъул 16 сентябралда Бергьенлъиялъул Парад т1обит1ана Харбиналдаги, гьеб релъараб бук1ана Берлиналда т1обит1аралда: цере – цере авлахъалъул форма рет1арал солдатал, хадур танкаби.

***

1945 соналъул 24 июналдаса хадуб гьеб байрам г1адин к1одо гьабулароан. 1965 соналдаса нахъе гьеб къо лъазабун бук1ана байрамкъолъун. СССР бихаралдаса 1995 соналде щвезег1ан Бергьенлъиялъул Парадал т1орит1улел рук1инч1о.





# Лъималазда лъедезе лъазе ккола

**Гьале т1аде щвана риидалил каникулал, гьелдаго цадахъ байбихьула чвердезе, лъим лъазелъун лъедезе. Рачlуна гlадамал ралъдал, хlорил, гlурул, лъарал рагlалабазде хlухьбахъи гьабизе, чвердезе. Гьитlинго ругьун гьаризе ккола лъимал лъедезе. 25- 30 кьоялда жаниб кlола лъимер лъикlаланго лъедезе ругьун гьабизе. Эмен вукlа, кlудияв вац вукlа лъимер бачун гьесда берцинго мухlканго лъекьа хlинкъизе бегьуларин малъун ругьун гьабизе лъикlаб буго.**

Гlумруялда жаниб гlемер дандчlвала гlадамасда лъелгун, ай гlор бахине ккей, ралъдада, хlортlа букlа гlадамасе, гъанкъулесе кумек гьабизе, гьев къватlиве вахъизе ккей. Лъедеялъ гlадамасул чорхолъа тlагlинарула квачалдасан кколел унтаби, сколиоз, ожирение, щулалъизарула щукlдул, гьуъурул, тlул, ракl, лъикl хlалтlизабула бидул хьвади. Гlемер данд чlвала, лъедезе лъаларел гlадамал. Цlикlкlараб гlелалъул гlадамаз, ай рагъул ветераназ гlемер бицунаан рагъда, гlорал рахунаго, ралъдада, хlоразда гlемерал гlадамал гъанкъанилан.

Гlадамазда лъазе ккола лъелгун махсараби гьаризе бегьулареблъи: хlал лъалареб бакlалда, лъим сверулеб бакlалда чвердезе бегьуларо жанире цlала, ралъдада, хlортlа рикlкlадаб манзилалъ жаниве ине бегьуларо, гьекъон чвердезе лъикlаб гьечlо, жалго гьитlинал лъимал хlорихъе, гlурул рагlалде риччазе бегьуларо, божилъи гьечlеб камера яги ургуялда рекlине лъикlаб букlунаро.

Гьанже гlемерал гlадамазул рокъор руго батlи-бат1иял формабазул, размеразул бассейнал. Лъимал лъедезе ругьун гьаризе лъик1аб жо буго, амма зама-заманаялдасан лъимги хисизе ккола, жибго бассейнги чуризе ва бацlцlине ккола. Гlемераб заманаялъ лъелъ рукlине лъикlаб гьечlо. Лъедолеб, чвердолеб мехалъ кlал гьакlкlазе лъикlаб гьечlо, гlетl бараб мехалъ, гlетl бакъвазегlан ч1езе ккола, гьукъаризе гьарулел махсараби лъикlал рукlунаро. Чвердон рахъарабго хулизеги лъикlаб буго.

**Ругьун гьаре нужерго лъимал, ккве лъелгун лъикlаб хурхен, босе лъедаса хайир ва пайда.**



❁ *Даруял хурдузул энциклопедиялдаса*

# ГIабукI (лопух)

**ГIабукI бижула чIахI хIисабалда пастIабахъги, хурзабахъги, кIкIалабахъги, нухлул лъарал рагIаллъабаздаги. Гьелъие бокьула регьел гIураб, беэнаб ракь. хъачIаб бакIалда къанагIат гурони бижуларо. ТIегьала гIабукI халатбахъун, июнь моцIалдаса бахъараб I0- I5 сентябралде щвезегIан.**



Дару хIисабалда хIалтIизарула тIанхал ва кьалбал. Цо сон бараб гIабкIил тIанхал ракIарула июналъ ва сентябралъ, кьалбал - хасалихъе сентябрь- октябрь моцIаз; кIиго сон баралъул - ихдал, апрель моцIалъул ахиралда, маялъул байбихьуда.

Ракьулъа рахъарал кьалбал рацIцIад гьарун чурула цIорораб лъеца. Цинги гьел, I0-I5 см. халалъиги тун, гIисин гьарула, риццатал - халаса свизеги ссун. Гьелдаса хадур гьел ракьвазе гьарула.

ГIабукIалъул кьалбалъ букIуна 45 проценталде бахинегIан инсулиналъул ва 0,2 процент эфиралъул нахул, 0,4 - 0,8 процент кьогIал дабагъ лъугьинабулел ва беэнлъиялда релълъарал жалазул, I2 процент пицIцI гIадал жалазул (смолы) ва протеиналъул, цIикIкIараб къадаралда витамин С.

ГIабукIалъул кьалбал гIатIидго хIалтIизарула халкъияб медицинаялда батIи - батIиял унтабазде данде: подаграялде, чакрил унтуде, геморроялде, квачалъул унтуде данде, тIулада ва ургьисалабазда чIимхал ругони, гьурмаде тIаде жо бан гьеб гьорон бугони, бокьонацIазда данде, кванирукъалда, тIомода басралъарал ругънал ругони, кIудияб хIажат тIубазе кIолеб гьечIони (чехь къан бугони) ва цогидалги унтабазде данде.

Кьалбазул хIадурула тIокIкIел ва чай. Чай гьабизе ккани, 20 гр. ракъварал кьалбазде тIаде тIола цо стакан цIураб бухIараб лъим ва гьекъола щибаб къоялъ 3 нухалъ стаканалъул лъабил бутIа.

ТIокIкIел гьабизе ккани, цо кIудияб гъуд цIурал ракъварал кьалбазде тIаде тIола 2 стакан цIураб гьалдолеб лъим ва 2 сагIаталъ тола, цинги щибаб къоялъ 2-4 нухалъ гьелъул бащдаб стакан гьекъола.

ТIомоде тIаде бараб жо яги рецIцI бугони, лъикIал хIасилал кьола тIокIкIелалъ (I бутIа тIамхазул ва I0 бутIа лъел). БухIараб бакIалъе лъикIаб букIуна щарил яги хьодул нахулъ журазеги гьарун, лъелъ гьалдезарурал гIабукIалъул

тIамхазул ва кьалбазул гьабураб лъамалъи тIад бахине.

БотIрода рас бижизабизе, тIомода ругел ругънал сахлъизаризе хIалтIизабула гьадинаб лъамалъиги; 40 гр. цIиял, гIисинго хъурарал кьалбал I00 гр. семечкадул нахулъ тола I0 сордо-къоялъ, гьелдаса хадур I5 минуталъ гIисинккун релъинарула.

ГIабкIил тIанхал лъикIал руго бухIараб лъелъ яги родолъги ччун, гьорораб, тункараб бакIалда лъезеги. Гьединго бухIараб родолъ ччурал тIанхал лъикIал руго гьуърул унтараб мехалъ компресс гьабизеги, бетIер унтулеб мехалъ тIад лъезеги.

Китаялъул медицинаялда гIабукIалъул хьон ва жибго чIахI хIалтIизабула гьорон ругони, кIварщ бачIинабизе, найица, гIанкъраялъ хеч къазабун бугони, борхьица хIанчIани.

Болгаразул медицинаялда гьеб хIалтIизабула чорхолъ лъугьунел хиса- басиял рукIалиде ккезаризе, понцIероялда, тIулада чIинхал ругони.

**Халкъияб тохтурлъиялъул хазинаялдаса**

**Учредитель: администрация муниципального образования "Гергебильский район"**

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1951 СОНАЛЪ

**БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIаразда гьоркь: «Коммунизмаялъул нух», «Ахихьан»**

**Главный редактор - Ахмедов Б.М.**
**Телефон - 23-2-26**

**Адрес редакции и издателя:**
**Гергебильский район, с. Гергебиль.**
**ул. Наиба Идриса, 43**

**Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД. Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 05-00281 от 19 февраля 2014 г.**

Отпечатано в ООО «Дом печати» по адресу: г. Махачкала, ул. Акушинского 21.
По вопросам качества печати обращаться в типографию.
*Заказ № ________. Тираж 1000 экз.*

**Газеталъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб.**
**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, цIаразул ва цогидалги баяназул жаваб кьола автораз.**
**Гьединал макъалаби газеталда рахъула гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.**

***«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо».* Ж. Сервантес**

**Индекс 51350.**
**Цена свободная.**

Подписано в печать 18 июнь 2020 г.
Время подписания в печать
по графику – 21:00
фактически – 20:00